



City of Somerville, Massachusetts

Depatman Finans, Divizyon Trezò

Katjana Ballantyne – Majistra

RANBOUSMAN

Taks Imobilye

Se règleman Vil la pou li pa rambouse chèk pou balans kredi Ane Fiskal aktyèl la paske tout bòdwo taks pou Ane Fiskal aktyèl la poko pibliye. Si ou te fè yon peman anplis nan yon trimès, yo pral kredite peman anplis la nan bòdwo pwochen trimès la. Balans kredi pa otomatikman deplase soti nan yon Ane Fiskal rive nan pwochen an. Ane Fiskal la kòmanse 1^{ye} jiyè epi li fini 30 jen.

Yo ka voye yon chèk ranbousman bay yon kontribyab ki gen yon balans kredi sou yon kont, depi ke kontribyab la bay Vil la dokiman awopriye ki konfime peman an, epi depi ke pa gen okenn lòt taks oswa bòdwo dlo ki pa te peye ki dwe Vil la soti nan nenpòt lòt ane oswa sou lòt pwopriyete ke kontribyab la posede. Li enpòtan pou **bay kopi chèk, devan ansanm ak dèyè**, pou asire ke se ou k te fè peman ki te depoze sou kont ou an, oswa te fèt sou non ou pa yon bank oswa konpayi ipotèk. Pou anpeche ke erè te fèt pa konpayi ipotèk yo ak bank k ap depoze peman sou move kont, règleman Vil la mande yon revizyon kopi chèk yo pou asire ke ranbousman (oswa transfè) yo ale jwenn pati ki te fè peman an.

Si kredi a te koze pa yon peman anplis:

Yon demann pou ranbousman siyen alekri dwe akonpaye pa kopi chèk ki anile yo, devan ansanm ak dèyè, pou ane fiskal kote kredi a egziste. Si se yon konpayi ipotèk oswa yon bank ki peye taks ou, jwenn yon kopi chèk ki anile yo ansanm ak fèy debousman ki akonpaye chèk yo. Si w peye ak lajan kach, ou dwe bay kopi resi yo. Si yo te achte oswa refinanse pwopriyete a resamman, tanpri mete tou yon kopi Deklarasyon Règleman Klozing lan, ki gen lis detay sou taks ki te peye pou klozing lan. Lèt demann ou an dwe gen ladan non ou, adrès pwopriyete a, nimewo ID Pasèl la ak siyati w. Tanpri bay tou yon adrès postal ak nimewo telefòn aktyèl ou. Voye lèt demann ou an bay ak tout kopi chèk (devan ak dèyè), fèy debousman an si sa aplikab, ak/oswa resi peman lajan kach (yo): City of Somerville, Attn: Treasury Refunds, 93 Highland Avenue, Somerville, MA 02143. Konsidere fè livrezon resi lajan orijinal la men nan men bay biwo nou an olye ke w riske pèdi li nan lapòs.

Si kredi a te koze pa yon rabè:

Ranbousman pral fèt otomatikman sof si pwopriyete a te chanje men pandan ane fiskal la. Anjeneral, ranbousman an pral remèt bay pwopriyètè dosye a apati 1^{ye} janvye jan ke li parèt sou bòdwo taks la. Si pwopriyete a te vann pandan ane fiskal la, dat transfè a (sètifikasi a) epi yon bon jan revizyon enfòmasyon an ki nan Deklarasyon Règleman Klozing ou an pral detèmine ki moun ki kalifye pou nenpòt balans kredi.

Taks dwa aksiz sou Veykil a Motè

Yon ranbousman pral fèt otomatikman bay adrès ki sou bòdwo taks dwa aksiz la si gen yon balans kredi akòz yon rabè oswa yon peman anplis.

Bòdwo Dlo

Nan laplipa ka yo, yon balans kredi pral aplike nan pwochen bòdwo dlo a. Sepandan, lè yon moun vann pwopriyete li oswa si kantite kredi a pa pral itilize nan de pwochen sik bòdwo yo, mèt pwopriyete a ka mande yon ranbousman kredi dlo. Tanpri voye demann alekri w lan bay City of Somerville, Attn: Treasury Refunds, 93 Highland Avenue, Somerville, MA 02143. Si kredi a te koze pa yon rabè, yon lèt demann ap sifi. Si kredi a te kreye pa yon peman anplis, yon kopi chèk, devan ansanm ak dèyè dwe akonpaye demann alekri w lan.

SOMERVILLE CITY HALL • 93 HIGHLAND AVENUE • SOMERVILLE MASSACHUSETTS 02143

(617) 625-6600 Ekst. 3500 • TTY: (617) 666-0001 • Faks: (617) 666 9682

www.somervillema.gov • treasury@somervillema.gov